



**Department of
Social Services**

DSS-7p (HC) 06/30/2023 (page 1 of 4)
(E) 06/26/2023 LLF

Dat la: _____

**KONTRA PATISIPAN NAN PWOGRAM CityFHEPS lan
(Haitian Creole)**

Non Moun ki Aplike pou Pwogram nan: _____

**Mwenmenm, _____, mwen te mande pou yon
asistans lwaye an plis chak mwa nan men pwogram CityFHEPS la pou ede fanmi mwen
peye lwaye pou inite sa a, mwen te verifye pèsònèlman:**

Mwen konprann epi mwen dakò ak bagay sa yo:

1. Mwen dakò pou:
 - bay enfòmasyon ki ekzak, konplè ak ajou sou revni yo ak sou kantite moun k ap viv ansanm nan;
 - bay dokiman sipò nesèsè pou kontwole kalifikasyon fanmi mwen;
2. Yo pral verifye tout enfòmasyon mwen bay anrapò ak aplikasyon mwen pou CityFHEPS yo nan HRA. Si nenpòt enfòmasyon mwen bay pa kòrèk, mwen kapab jwenn refi pou CityFHEPS.
3. Mwen dakò pou yo fè yon ankèt pou verifye oswa pou konfime enfòmasyon mwen bay yo anrapò avèk demann mwen fè pou CityFHEPS. Si yo mande m lòt enfòmasyon, m ap bay yo.

(Vire paj la)

Anplisdesa, mwen konprann epi mwen dakò sa ki annapre a si mwen apwouve pou CityFHEPS:

1. Avi apwobasyon CityFHEPS mwen an pral di Montan Asistans Sipleman mwen an pou Lwaye CityFHEPS lan.
2. HRA pral peye Montan Asistans Sipleman pou Lwaye CityFHEPS lan dirèk bay mèt kay mwen an (oswa reprezantan yo an) chak mwa.
3. Mwen konprann HRA pral peye yon Montan Asistans Sipleman pou Lwaye. Si mwen rete nan senk (5) minisipalite Vil New York yo epi si m ap resevwa Asistans Lajan Kach, HRA kapab peye mèt kay mwen an tou (oswa reprezantan mèt kay la) yon rant pou Lojman. Mwen konprann **se mwen ki responsab pou peye rès lajan lwaye mwen an.**
4. Mwen dakò pou mwen aplike pou mande tout sipò travay mwen gen dwa pou resevwa yo. Sipò travay sa yo gen ladan avantaj piblik ak kredi fiskal, tankou Kredi Taks sou Revni ou Touche [Earned Income Tax Credit (EITC)], Kredi Taks pou Timoun [Child Tax Credit (CTC)] ak Kredi Taks pou Gadri [Child Care Tax Credit (CCTC)]. Pou jwenn asistans pou deklarasyon enpo, mwen kapab ale gade nan www.nyc.gov/taxprep, oswa rele nan 311 epi mande "asistans pou deklarasyon enpo ou".
5. Mwen dwe fè pi gwo jefò pou mwen kenbe lojman mwen an.
6. Si mwen rete nan vil New York, mwen kapab jwenn èd ak referans nan men biwo Homebase lokal mwen an oswa lòt sèvis founisè ki nonmen pou bagay tankou medyasyon ant mèt kay ak lokatè epi sèvis kont degèpisman.
7. Tout manm fanmi mwen yo ki kalifye pou Asistans Lajan Kach (Cash Assistance, CA) dwe resevwa CA.
8. Si fanmi mwen kapab kalifye pou nenpòt avantaj lojman federal oswa Eta a, ki ladan li Seksyon 8 la oswa FHEPS, mwen dwe aplike pou avantaj sa yo epi aksepte yo si yo ofri yo.
9. Si fanmi mwen kalifye pou Lojman HRA an, fanmi mwen pa kapab gen ladan li moun (yo) ki te fè fwaye kalifye pou Lojman HRA an.
10. HRA dwe apwouve mwen avan mwen demenaje ale nan yon nouvo apatman.
11. Mwen dakò pou mwen avèti byen rapid HRA, pandan m ap rele nan 718-557-1399, si:
 - mwen demenaje;
 - yo banmwen papye degèpisman;
 - mèt kay mwen an oswa moun m konn peye lwaye an chanje; oswa
 - mwen gen reta nan pèman lwaye mwen.
12. Si mwen lwe yon chanm oswa yon Senp Chanm nan Kay [Single Room Occupancy (SRO)] epi planifye pou ajoute yon moun ki gen mwens pase 18 lane nan fanmi mwen,

(Vire paj la)

m ap avèti byen rapid HRA, pandan m ap rele nan 718-557-1399, alò mwen kapab jwenn èd pou mwen demenaje ale nan yon apatman.

13. Mwen konprann mwen pa kapab konbine CityFHEPS ak okenn lòt pwogram asistans lwaye, sof avèk apwobasyon alavans HRA.

14. Mwen pral kowopere antyèman avèk Vil la avèk administrasyon pwogram CityFHEPS li an.

Ou ta Dwe Konnen

- Yon mèt kay oswa yon Koutye pa kapab refize pou li aksepte CityFHEPS. Refi pou aksepte CityFHEPS ka reprezante yon diskriminasyon akòz sous revni dapre Lwa Vil New York sou dwa moun yo oswa Lwa Eta New York sou dwa moun yo.
- Yo entèdi w fè akò sou kote avèk mèt kay yo ak koutye yo.
- Si yon mèt kay oswa yon koutye refize pou li aksepte CityFHEPS oswa yo mande w pou w fè yon akò sou kote, rele Inite DSS pou Diskriminasyon akòz Sous Revni an nan **718-557-1399**.
- Koupon garanti HRA a konsidere kòm pèman garanti. Yon mèt kay oswa yon koutye pa dwe mande w pou w peye okenn lajan anplis pou garanti.
- Koutye yo pa dwe mande w pou w peye okenn lajan pou koutye anplis.
- Mèt kay ou an pa kapab fòse w demenaje pou w ale nan yon inite diferan.
- Rele Liy Dirèk HRA pou Fwòd la touswit nan 718-557-1399 si inite ou te wè pandan enspeksyon w lan pa menm ak inite yo ofri w lè w vini pou antre nan lojman an.

Siyati ki Obligatwa yo

Mwen li epi mwen konprann Deklarasyon Konpreyansyon Patisipan nan Pwogram sa ak dakò tèm li yo.

Dat la Siyati Moun ki Aplike pou Pwogram lan

Mwen li epi mwen konprann Deklarasyon osijè Konpreyansyon Patisipan nan Pwogram sa. Mwen dakò pou mwen kowopere avèk HRA ak administrasyon pwogram CityFHEPS lan epi bay enfòmasyon ekzak konsènan revni mwen ak nenpòt enfòmasyon anplis, si sa nesèsè. Mwen dakò pou yo fè yon ankèt pou verifiye oswa pou konfime enfòmasyon mwen bay yo anrapò avèk demann mwen fè pou CityFHEPS.

Dat la Non Moun k ap Viv nan Fanmi an

Siyati Moun k ap Viv nan Fanmi an

Dat la Non Moun k ap Viv nan Fanmi an

Siyati Moun k ap Viv nan Fanmi an

Dat la Non Moun k ap Viv nan Fanmi an

Siyati Moun k ap Viv nan Fanmi an

(Vire paj la)

Manm sa yo ki granmoun nan fanmi an pa siyen kopi akò sa pou rezon ki swiv yo la:

Non Administratè Dosye an oswa Espasyalis Lojman

Siyati Administratè Dosye an oswa Espasyalis Lojman

Dat la

Siyati Administratè Dosye an oswa Espasyalis Lojman an konfime enfòmasyon sou manm fanmi an ki di anwo an.

CityFHEPS menm jan ak pwogram federal Seksyon 8 la paske, anrapò ak disponibilite finansman, li bay asistans, ki gen ladan li asistans pou peye lwaye nan montan espesifik, pou mèt kay ak lokatè ki vle fòme yon relasyon ant mèt kay ak lokatè a. Nenpòt relasyon kontra ap egziste sèlman ant chak lokatè k ap patisipe nan pwogram lan epi chak mèt kay lokatè k ap patisipe nan pwogram lan.

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa andikap? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa sa avi sa a mande pu ou fè? Èske pwoblèm sa a sa fè l difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan nimewo 718-557-1399. Ou ka mande pou èd tou lè w vizite biwo HRA a. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a dapre lalwa.